ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№109 (23.767) ● 2018 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Іущ Іащ Урысейм бгы лыжэмрэ сноубордымкІэ и федерацэм и президент Мельников Л. В.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий фокІадэм и 4-м Правительствэм и Унэм щыІущІащ Урысейм бгы лыжэмрэ сноубордымкІэ и федерацэм и президент Мельников Леонид.

ЗЭІУІЩІЭМ щытепсэльыхьащ къэралым и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ гупхэм, сабийхэм, апхуэдэуи Урысейм и командэ кІыхьэхам хэтхэм я зыгъэсапІэ нэхъыщхьэ Терскол къуажэм къыщыІэзэгъэпщынымрэ хуэунэтІауэ щыІэ Іэмалхэм, абы спорт, уэныщагъэм щыкІэльэгъэпІъ, зыщагъэхъуж, щеджэ-зыщагъасэ ящыІэрей унэхэр щыухуэным пыщІа Іэухуэхэм.

Мельников Леонид Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм фІыщІэ къахуищІащ бгы лыжэ спортым гулъытэщхуэ зэрыхуащІым, «Іуащъэмахуэ и уэсхэр» Урысейпсо гъэмахуэ зэхьэзэхуэхэр кІыхьэгъэпэщынымрэ ахэр сыткІи зыхуэй хуэзауэ егъэкІуэкІынымрэ хуэунэтІауэ лэжьыгъэщхуэ зэрызэфІагъэкІым папщІэ. «Ятэ дыдэу сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэкІуауэ щытащ 1975 гъэм икІи мы щІыпІэр си псэм хэпщІауэ сыкъогъуэгурыкІуэ абы ІкІи щІыпІэм сыІутыжащ. Ар сыдрэ щыІэныгъэм и щхьэхуитІыр зыхуэгъэзащІ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр зыхуагъэфэщахэр

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ныр зыхуагъэфэщахэу Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр, Науянис Татьянэ Владимир и пхъур, Къущхьэ Амырхан ПIутIэ и къуэр, Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр. Абыхэм я лэжьыгъэ гъуэгуанэм кIэщIу щыгъуазэ фыхуэтщIынщ.

Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр КъБАССР-м хыхьэ Тэрч къалэм 1945 гъэм щIышылэм и 21-м къыщалъхуащ.

1968 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр университетыр къиухащ. Тэрч къалэм щылажьащ тхыдэмкIэ егъэджакIуэу, иужькIэ еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэу. Налшык къалэм дзэт 14-нэ курыт еджапIэм и унафэщIу илъэсихкIэ, курыт еджапIэ №20-м и унафэщIу илъэсищкIэ щытащ.

1988 гъэм къыщыщIэдзауэ Налшык къалэ округым хыхьэ, цIыхухэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт «Лицей №92» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIу лэжьащ, къэрал Iуэхущ-щIапIэм и унафэ щIыныжьмкIэ категорие нэхъыщхьэ иIэщ.

Егъэджэныгъэ Iэнатlэм илъэс 50-м щIигъуэуэ хэтщ, абы щыщу унафэщIу илъэс 40-кIэ лэжьащ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэщ, УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэщ, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, СССР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфIщ, РСФСР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфIщ, УФ-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфIщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Шэшэн Республикэм и Парламентым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Науянис Татьянэ Владимир и пхъур КъБАССР-м хыхьэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыщ Гъндэгъэн къуажэм 1946 гъэм щыщхьэIуфм и 29-м къыщалъхуащ.

1970 гъэм КъБКъУ-м «прикладная математика» Iэщlагъэр щызригъэгъуэтащ, иужькIэ КъБКъУ-м и аспирантурэри кIуащ.

Налшык телемеханикэ Iэмэпсымэхэр къыщIагъэкI и заводым и инженер-программистщ 1970 гъэм къыщыщIэдзауэ. 1985 гъэм къыщыщIэдзауэ 1997 гъэ пщIондэ - Пионерхэм я республикэ уардэунэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ и кIудамэм и унафэщIу. 1997 - 1998 гъэхэм КъБКъУ-м и еджапIэ-лицейм и унафэщIым егъэджэныгъэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ, лэжьыгъэхэм я зэщIэгъэуIуакIуэщ. 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ - КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм еджакIуэхэм я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ и республикэ центрым щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ и кIудамэм и унафэщIщ, щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтынымкIэ и егъэджакIуэщ. 2015 гъэм и дыгъэгъаззэм къыщыщIэдзауэ мы зэманым къэсыху - КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм къегъэщIылIа «Дыгъафlэ къалэ» творчествэмкIэ сабий академием сабийхэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и къэрал бюджет Iуэхущ-IапIэм щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, конструкторскэ лэжьыгъэмкIэ и кIудамэм и унафэщIщ - щIэблэм щIэныгъэ гуэдзэ етынымкIэ и егъэджакIуэщ.

УФ-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфIщ, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. ВПКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр, ВЦСПС-м и щIыхь тхылъхэр, щылэжьа Iэнатlэхэмрэ «Союз» урысейпсо щIалэгъуалэ аэрокосмическэ зэгухьэныгъэмрэ я дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

Къущхьэ Амырхан ПIутIэ и къуэр КъБАССР-м хыхьэ Совет щIыналъэм щыщ Аушыджэр къуажэм 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщалъхуащ.

Совет Армэм къулыкъу щищIащ, 1972 гъэм КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр къиухащ.

«Эталон» заводым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и конструктор бюро хэхам, Налшык къалэм и «Мэкъумэштехникэ» щIыналъэзэхуаку производственнэ зэгухьэныгъэм я инженер, унафэщI Iэнатlэхэм пэрытащ. 1980 гъэхэм ар пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэр щагъэкI «Лэскэн» совхозым, «Аушыджэр» гъэунэхуплэ Iуэхущ-IапIэм я унафэщIщ, КъБАССР-м и Къэрал мэкъумэш промышленнэ Iэнатlэм и унафэщIым и къуэдзэщ, КъБАССР-м и Къэрал мэкъумэш промышленнэ Iэнатlэм и унафэщIым и кIуэдзэщ - КъБАССР-м и министрщ. 1990 гъэхэм «Маис» акционер зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэу, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министру, УФ-м и Президентым и поломочнэ лыкIуэм и чэнджэщэгъуу щытащ. 1999 - 2000 гъэхэм «Къэббалъкъмэкъумэштехникэ» автоколоннэ» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и кIэлъыплъакIуэ советым и унафэщIщ. 2000 гъэм къыщыщIэдзауэ 2005 гъэ пщIондэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ чэнджэщагъэ нэхъыщхьэщ.

Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Урысей Федерацэм III класс зиIэ и къэрал чэнджэщагъэ щIщ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату хахауэ щытащ. КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ.



Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр КъБАССР-м щыщ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1954 гъэм фокIадэм и 11-м къыщалъхуащ.

1978 гъэм къиухащ Москва дэт инженер-физикэ институтыр, абы и ужькIэ - а еджапIэ нэхъыщхьэм и аспирантурэр. 1981 гъэм къыщыщIэдзауэ 1992 гъэ пщIондэ - СССР-м Электроннэ промышленностымкIэ и министерствэм и «Элькор» производственнэ зэгухьэныгъэм полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкIыу Налшык дэт и заводым и лабораторэм, и кIудамэм я унафэщIщ, конструктор бюро хэхам и унафэщIым и кIуэдзэщ, иужькIэ заводым и инженер нэхъыщхьэщ. 1992 - 2005 гъэхэм - КъБР-м Къэрал мылъкыр зехьэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ; КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и я1э къуэдзэщ. 2004 - 2005 гъэхэм - УФ-м технологие щIэныгъэхэмкIэ и академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ кIудамэм и президентщ. 2005 - 2009 гъэхэм къулыкъу зэхуэмыдэхэр щиныгъащ УФ-м и Къэзыбж палатэм. 2009 - 2013 гъэхэм КъБР-м и Парламентым и депутату щытащ. 2010 - 2011 гъэхэм КъБР-м и лыкIуэу УФ-м и Президентым и деж щылэм и я1э къуэдзэщ. 2012 - 2013 гъэхэм - Ворохнеж къалэм щIэныгъэ «Концерн «Созвездие» ОАО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэщ. 2013 - 2015 гъэхэм - КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и я1э къуэдзэщ. 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ мы зэманым къэсыху Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и ректорщ.

Техникэ щIэныгъэхэм я докторщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, финанс хабзэмрэ налог политикэ унэтIныныгъэмкIэ профессорщ. УФ-м III класс зиIэ и къэрал чэнджэщагъэщ. УФ-м и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмкIэ къыхуагъэфэщащ.

● Япэ итахэр

ЛIыгъэрэ гуащIэдэкI лъагэкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ телъыджэ

Май щIыналъэм щызэхэт «Красная нива» колхозым и тхьэмадэу щагъэкIуам, Евтушенкэ Николай щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зи акъылыр зэрыубыда, сыт хуэдэ Iуэхущ1эми хуэжан Iэщ1агъэлIт. Ар 1955 гъэрт. Абы и пэ илъэсым хозяйствэм ику иту гектарым бжьыхьэсэ гуэдзу къыщыдграхыр зы центнеррэ пщIанитIрэт, нартыхуу центнери 10,2-рэт, илъэсым жэмым хуэзэу къашыр килограмм миным зэрыщIигъу щыIэтэкъым, джэдкъаз гъэхъуныр ехуэхыпат. ЩытыкIэр икъукIэ гугъут, ауэ тхьэмадэщIэр абы къигъэдэзыхакъым, зэрыжаIэу, «и бгыр щIикъуэрри» лэжьыгъэм зриташ, щIэныгъэр и лъабжьэу Iэнатlэхэр зэтриухуэу щIидзащ. «Псы здэкIуэщIырщ дамылъку хэкIыпIэр», - жиIэрейт абы икIи а Iуэхур жыджэру пхигъэкIырт, къэхутэныгъэ-гъэунэхуныгъэкэр я деж щригъэкIуэкIырт. Псы лъэIэсу зы хьэсэи зимыIа колхозым и гъавэ щIапIэ гектар 3600-м щыщу 2200-р абыкIэ ягъэнщIу хуожьэ. Жэрдэмыщ1эм хозяйствэм зыдеужь, халъхьэ мылъкур гъэбэгъуауэ къыхуохъуэж.

ЕВТУШЕНКЭ Николай щIэныгъэр тегушхуауэ къигъэзэбэпырт. Ар и лъабжьэу, мэкъумэш бэвым и хэкIыпIэхэм теухуауэ кандидат диссертацIэ игъэхъэзырри, екъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ. И щIэныгъэ лэжьыгъэм нэхъри зригъэбгъущ, Iуэхугъуэщ1эхэр кьихутэри, и доктор диссертацэри игъэгувакъым.

- «Красная нива» колхозым сыщагъэкIуам абы хэлъыж щыIэтэкъым, хуабжьу къулейсыст, махуэм цIыхухэм хуатхыр кIэпейкIэ 13-т, щIакъуэу хуагуэшыр грамм 300-т. Ахэри тэмэму иратыргэкъым. Поери мэжащIалIэри, тхьэусыхакIуэхэр си куэдт. Правленэм иIэр зы шэнтрэ зы стIолрэт, унащхьэм псы къыпхыкIырт. Колхоз унафэщIхэр илъэс, илъэситI къэс ахъуэжырт, сэ сыепщыкIуханэт, - игу къегъэкIыж а лъэхъэнэр гъавэзкI цIэрыIуэм.

Хэку заузшхуэ нэужьым, нэмыщ1э зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъутэр зэфIэгъэувэжын хуейт. Абы бэр хуэзщIагъэуIуэрт. «Гъавэу кърахьэлIэм хэгъэхъуэн, цIыхухэр ерыскъыкIэ, Iэщ1ыр Iусыпхъэкlэ къыззгъэпэщ1ын!» - арат а илъэсхэм къуажэдэхэм я къалэн нэхъыщхьэр.

Щ1эныгъэлIхэм, мэкъумэш щ1эным нэхъ хуэлэзэ нэхъыжьхэм нартыхуу гъэкIыным трагъащIэрт. Уегугъумэ, а къэкIыгъэм бэвагъешхуэ къыззритынур къагурыIуэрти, абы тегушхуэрт.

Тхущ1 гъэхэм нарт гъавэр къэрал Iуэху хъуат. Жьылапхъэхэм я къыхэхыкIэр, я зехьэкIэр, я тещ1экIэмрэ Iухьжьыкымрэ ди республикэм щагъэкIыгъэм бэвагъешхуэ къыззритынур къагурыIуэрти, абы тегушхуэрт.

Тхущ1 гъэхэм нарт гъавэр къэрал Iуэху хъуат. Жьылапхъэхэм я къыхэхыкIэр, я зехьэкIэр, я тещ1экIэмрэ Iухьжьыкымрэ ди республикэм щагъэкIыгъэм. Я1э илъэсхэм наIуэ къэхъуат а къэкIыгъэ берычэтым хъеру кьитым зэрыпхухэгъэхъуэнур. Нартыхуэм «губгъуэм и гуащ1экIэ» еджэу щ1адзат. Ипэжьпl1экIэ ар гъавэт, гъэшт, ныт. Апхуэдэ щ1ыкIэкIэ, нартыхуэм гулъытэ хэха хуащ1у хуохъэ, хьэсэу хуохахьи нэрыльагъуу хохъуэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Аруан, Бахьсэн щIыналъэхэм Лениным, щэрхэмрэ я хэлъхьэкIэм, псы щIэгъэхьэкIэм я Iэмал гъэунэхуахэр. Ахэр къэзыгъэсэбэлъхэм ежьлIэныгъэ нэрыльагъухэр яIэт.

Евтушенкэ Николай зи нэхъыжь хозяйствэр ефIакIуэрт: гъавэрэ Iэщ1ыкIыу колхозым льэщу зиужьат. Къапщтэмэ, 1954 гъэм елъытыгъу 1974 гъэм мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэм хуэдизкIэ, лыуэ къалэжьым хуэдипщIкIэ, гъэщу къашым хуэдэ 14-кIэ, джэдыкIэу кърахым хуэдэ 20-кIэ хэхуат.

РСФСР-м щIыхь зиIэ и агроном, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ унафэщI Iэзэ, къызэгъэпэщакIуэ емыгъэшыж Евтушенкэ Николай и зэфIэкIым къыпэкIуэу, зи тхьэмадэ колхозым Гуащ1эдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщащ, езым Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Хэку заузшхуэм къыщихьа къэрал дамыгъэ лъапIэхэм къадэкIуэу, абы и бгъэр ягъадахэ Ленин, Октябрь революцэ, Гуащ1эдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденхэм, медаль зэмылIэужьыгъуэхэм.

ИужькIэ здагъэкIуа Iэнатlэхэри гуащIафIэу иращIэкIащ: 1974 - 1987 гъэхэм КъБАССР-м и Министрэм я Советым и Тхьэмадэм и я1э къуэдзэу, 1987 - 1989 гъэхэм нартыхумкIэ Союзэпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу лэжьащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм а Iуэхущ1апIэм чэнджэщагъэ нэхъыщхьэ къалэныр щигъэзэщIащ.

МЫСОСТ Алий.

● Гъуазджэ

Кавказым щытраха фильмыр Канадэм щагъэлъагъуэ

Шыщхьэ1уи и 23-м щегъэжьауэ фокIадэм и 3 пщIондэ Канадэм щекIуэкIащ 42-нэ Монреаль дунейпсо кинофестивалыр. Урысейм и лIыкIуэу абы зи лэжьыгъэ щызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ театрымрэ киномрэ я режиссёр, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЕмкIуж Андзор.

МОНРЕАЛЬ кинофестивалым «Я1э зи лэжьыгъэр утыку къизыхьэхэр» жыхуиIэ и программэм хэхуащ бгырыс лъэпкъэм я щIыпкIэ-псэукIэм, адыгагъэм, ныбжьэгъугъэм теухуа хабзэу зэрахьэр къызыхэщ, сыт хуэдэ лъэпкъ укъыхэкIами, цIыхугъэм зэпэгъунэгъу уищIын зэрыхуейм укъыхуезыджэ зэхущытыкIэхэр къыщыгъэлъэгъуа «Невиновен» полнометражнэ художественнэ фильмыр.

Ар щытрахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхьэрэм хиубыдэ хэгъэгухэм, Москва, Санкт-Петербург, Ростов, Краснодар къалэхэм. Фильмым и лIыхъужь нэхъыщхьэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэдщ, апхуэдэуи хэтщ КъБР-м, АР-м, Шэшэным, Армением, Москва щыщ актёрхэр.

1977 гъэ лъандэрэ Монреаль къыщызэрагъэпэщ фестивалыр дунейпсо кинематографием къыщыхъуу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм хабжэ. Абы илъэс къэс лэжьыгъэ 300-м щIигъу ирагъэхъ, къэрал 70-м нэблагъэм щыщхэр хэтщ. Ар къыззрежьэрэр блокIа илъэс 42-м къриубыдэу иджы я1э Кавказым, адыгэхэм ятеухуэу фильм утыку къыщрахьэу ящ1. ЕмкIуж Андзор къызэрыджIамкIэ, фестивалыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэщащ. «Фестивалым и президент Лозик Серж деж щегъэжьауэ, абы сызыщIрихьэлIа псоми я нэгур зэIухарэ гуапэу къыппежьэу апхуэдэщ. Къапщтэмэ, Канадэм щыпсэу псори цIыху къызэрыгуэкIхэщ, зыр зым щыгуфIыкIыжу, пщIэ зэхуащIу къызздокIуэкI, ар ауэ уэрэмым ущрикIуэ къудейкIи зыхьбощIэ», - жеIэ Андзор.

- Фестивалым ди фильмыр зэрыхэтар си мызакъуэу, къыздэлажьа гупми, Кавказ Ищхьэрэми я екъулIэныгъэ къызолъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди лъэпкъхэм я щыфIэлIыфэмрэ я псэукIэмрэ америкэ цIыхухэм, дуней псом я пащхьэ итхьащ. А фестивалым Урысейм щытраха кино зыбжанэ щагъэлъэгъуащ, ауэ ди къэралым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрисри, абыхэм езыхэм я хабзэрэ я дуней тетыкIэрэ яIэжу зэрыщытри псоми ящIэкъым. Фильм нэужьым, хамэ къэрал зэмыщхьэм ящыщ куэд къызбгъэдыхьэурэ я гупсысэхэмкIэ къыздэгуэшащ, яфIэгъэщIэгъуэну куэдым щIэупщIащ. Гъэльэгъуэныгъэ нэхъыщхьэм нэмыщI, езы Монреаль къадэхэсу ящIэ иджыри зы пщыхьэщхьэ ягъэльэгъуэжащ ди лэжьыгъэр. Ар щыхьэт тохъуэ фильмым и я1э «лъэтеувэр» къызэрыдэхъуIам. Дяпэкlэ ар Урысейм щыдгъэльэгъуэну ди мурадщ, - жеIэ режиссерым. - Фестивалым щызIиа къалэн нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, куэд щыслъэгъуащ, къыщысщIащ, ди лэжьыгъэм и пIалъэкIэ, уфызыукIэкIэ, щхьэкIэ къыздэгуэшахэм сарихьэлIащ. Адрей къэралхэм къраша фильмыфI куэд (ахэр 50-м нэблагъэрт) сеплъащ, и техникIэкIи, купщIэкIи, укъызыхуриджэ гупсысэкIи зэмыщхьу, ауэ я псори лъагъуныгъэм, цIыхухэм я зэхуаку дэлъын хуей гуапагъэм зэрипхыжу къысщыхъуащ, - къыддогуашэ Андзор.

Кавказым щытрахьу дунейпсо мыхьэнэ зиIэ я1э лъэбакъуэ зыча «Невиновен» фильмым екъулIэныгъэ зэрIэнум щэч къытетхьэркъым, ар щалъагъуным поплъэ ди къэралым, псом хуэмыдэу ди республикэм ис цIыхухэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

ЕмкIуж Андзор

● Жэрдэм

Сабийм тхьэмахуэм зы сыхьэткIэ е тIукIэ удэлажьэкIэ зэфIэкIыркъым

Зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмыса сабийхэм я къэухым щыхэбгъэхъуэн, абы хуэхьэзыру курыт еджапIэм щIэтIысхьэн папщIэ зыщебгъэжьын, «Сэ езым» фIэщыгъэр зиIэ центр иджыблагъэ Налшык къалэ къыщыщIэуахащ.

КъЫХЗГЪЭЩIПХЪЭЩ мыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым я1э къыщыщIэуахыу зэрыщытыр, Iуэхущ1апIэм зэрыщрагъэджэну методикэр зэхэзылъхьа егъэджакIуэ цIэрыIуэ, «Сэ езым» центрым и унафэщI Алексеевэ Юлие и нэIэ тету Iуэхур ешэжьа зэрыхъуар.

Iуэхущ1апIэм Кавказ Ищхьэрэм щиIэ кIудамэм и унафэщI Сэрахъэ Алан зэрыжиIэмкIэ, ар зэрылэжьэну программэр убзыхуауэ щытщ, егъэджакIуэхэри абы хуагъэхьэзыращ, ныбжькIэ зэхуэмыдэ сабийхэм зэрадэлэжьэну дидактическэ лэжьыгъэхэри яIэщ.

Мыбы къекIуалIэ хъунущ зи ныбжьыр мазибгъум ит сабийхэм я деж къыщыщIэдзауэ илъэсиблым итхэм нэс. ЦIыкIуэхэр зэреджэну программэр илъэсым тещIыхьауэ щытщ, зэIуущIэхэр адэ-анэм къызэрыхахьи хуэдизу, тхьэмахуэм зэ, е нэхъыбэрэ драгъэкIуэкIыснущ.

Зи ныбжьыр илъэс иримыкъуа сабийм сыт ебгъащIэфынур жыпIэу уфIэгъэщIэгъуэнынкIэ хъунущ, ауэ а ныбжьым щитым деж сабийм и зэхэщIыкIым зиужьын щIедзэри, пльыфхэзр, щытыкIэхэр зэхигъэкIыфу ирагъэсэнущ. Адэкlэ, я ныбжьым теухуауэ сабийхэм псэлъэкIэ, гупсысэкIэ, бжэкIэ, тхэкIэ ирагъэщIэнущ. Дэтхэнэ зыкъомкIи зэрыбгъэдыхьэну щIыкIэр джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэщ.

Iуэхущ1апIэм къекIуалIэ сабийхэр зэрытхэну, зэреджэну, зэрылэжьэну Iэмэпсымэхэр псори езым къыщыбгъуэтынущ.

Сабийхэм я закъуэжьым егъэджакIуэхэр зыдэлэжьэнур, атIэ адэ-анэхэри Iуэхум къыхэшауэ щытынущ, сыту жыпIэмэ сабийм тхьэмахуэм зы сыхьэткIэ е тIукIэ удэлажьэкIэ зэфIэкIыркъыми, унэми зэрызыщрагъэжьэнымкIэ Iэмалхэм теухуа чэнджэщэхэр иратынущ.

Сэрахъэм зэрыжиIэмкIэ, адыгэбзэм, адыгэ хабзэм екъэлIа дерсхэр щекIуэкIын хуэдизу, адыгэбзэмкIи кIудамэ къыззIыхьыну и мурадщ.

Щ1эныгъэм и махуэм зи бжэр зэIузыха, лъэбакъуэщIэ зыча Iуэхущ1апIэм екъулIэныгъэхэр иIэу къуэдрэ лэжьэну ди гуапэщ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● ГурызыгъаIуэ

Адэ-анэхэм я къалэнщ

Урысей Федерацэм и Унагъуэ кодексым и 80-нэ статьям ипкъ иткIэ адэ-анэхэм бынхэр япIын (мылъкукIэ зыщIагъэкъуэн) хуейщ.

СУДЫМ и унафэр е нотариусым щIигъэбыда зэгурыIуэныгъэр къызэпауду адэм е анэм балигъ мыхъуа е илъэс 18 ирикъуа мылажьэфыну и бынхэр пIыным ахъшэ хухимыхмэ (Iуэхур къызэраIэтрэ мазитI ирикъуамэ е щIигъуамэ), цIыхур административнэ жэуапым ирашэлIэнкIэ хъунущ, хагъэзыхьы ягъэлэжьэну е сом мин 20-кIэ етхьэкъуну.

А хабзэр мызэ-мытIэу къызэпызыудыр Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 157-нэ статьям ипкъ иткIэ зи илъэс тралъхьэу ягъэтIысынкIэ хъунущ.

Абы къыдэкIуэу, щIыхуэ къызытехуам ар щитыжьын хуей пIалъэм щIригъэгъуа дэтхэнэ зы махуэми хуэзэу лейуэ ирагъэтыжынущ зэтригъэхьа алиментхэм я процент 1,5-р. Алиментхэм ерыщу зыпIыуIэдзэхэм адэ-анэм я хуитныгъэхэр щхьэщхьынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

КъБР-м и прокуратурэ.

● Темыркъан Юрий и илъэс

Фырэ Руслан, Темыркъанхэ Борисрэ Юрийрэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэм щыIэщ. *2014 гъэ*

1

Таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ

ХЬЭТУ Пётр

ЗЭТІОЛЪХУЭНЫКЪУЭХЭР

МЭРЭМЭЖЬЕЙ фалъэр зэІэпахыу Іэнэм пэрыс лІыжьхэр, уэрэдыжьхэм тезашэри, хъыбарыжьхэм нэсыжащ.

Мы хъыбарыр къыщыхъуар зэманыжьырщ, къыжидащ зым, ар щыІаи-щымыІаи, ауэ, зэралуэтэжьмкІэ, мэжьмэшыщІэ унагъуэм къыхэкІауэ, зэтІолъхуэныкъуэу зэкъуэшитІ псэуащ - Абдулрэ Чэримрэ. Я адэ-анэр пщы гуэрым деж щылІыщІэрти, ахэри пщым и унагъуэм къыщыхъуат. Зэкъуэшитіыр апхуэдизкІэ зэщхьт, езыхэми зэщхьыркъэпсу захуапэрти, уеблэмэ я адэ-анэми дахэ-дахэу зэхащІыхукІыфыртэкъым: хэт Абдулми, хэт Чэримми зыщІэжыр есы тІурат. Езыхэри зэи зэкІэрыкІыртэкъым, зыгуэрым тІум я зым и цІэр къриІуамэ, кьеджар ягъэбэмпІэн щхьэкІэ, тІури бгъэдыхьэрт. Ижьым, псорм абы есэжати, щхьэхуэ-щхьэхуэу я цІэ кърамыІуэж хъуащ, зым уеджэу, тІури къыщыкІуэнукІэ, жари, я цІэр Абдул-Чэримым хуагъэкІуащ. Пщым, зыпхъу закъуэ иІэу арати, щІалэ цІыкІуитІыр абы щыІагъуу езым и быным хуэдэу фІыуэ илъагъуу, къигъэтэджащ, шыгъэ-лІыгъэм, хэтІэ-хэсэм, щабзэрыуэм хуигъэсащ, езыр зекІуэлІ цІэрыІуэти, щежьэкІэ зыдишэурэ, зауэлІ хахуи къыхихщыкІащ.

Зэкъуэшитіым я къэшэгъуэ дахэт, ауэ къэшэн Іэхъу лъэпкъ зэрахуэртэкъым, а тІуми, щхьэж езым и гухэлъ щэхуу, пщым и пхъур - Данэху - кузд щІауэ фІыуэ ялъагъурт, ауэ тІури тегушхуэртэкъым пщым ар жраІэну, къримытынкІэ, къэгубжьынкІэ шынэхэрти. Абдулрэ Чэримрэ зэжрамыІэу, ябзыщІу я кум дэлъыр а зы гухэлъ щэху закъуэрат. Данэху тхьэІухудми, къыхихынур имыщІэу, тІури фІыуэ илъагъурт; абы псэкІэ зыхихщІэрт зэкъуэшитІри къыззэрытелІэр, ауэ ар тІум я ябым хуэдэу дэнэ къэна, сытым щыгъуи къэзыхъумэ и дэлъху нэхъыкъуэр фІэкІа нэгъуэщІу закъригъащІэртэкъым. Ари и адэ бзаджэм фІэлІыкІырт.

Апхуэдэу екІуэкІыурэ, пщым и зекІуэныр къыщохьэри, Абдулрэ Чэримрэ загъэхьэзырыну яжреІэ. Арати, щежьэну зэманыр гъунэгъу къыщыхъуэм, тІуми зэуэ ягу къокІ: сыкъызэрытынур, сызэрыхуэну псэззэпылъхьэпІэр, сыкъэкІуэжьн-сыкъэмыкІуэжьныр хэт ищІэн, сеуэнщи, Данэху си гухэлъыр хуэсІуэтэнщ, адэкІэ зэрыхъу ирехъу, жари, зым адрейм зыкъримыгъащІэу, я псэм и щІасэм зэрыхуэзэну Іэмалыр къалъыхъэу зэбгрыкІахэщ. Пшапэр зэхэуауэ, Данэху ІущІэну Чэрим япэу къохъулІэ: пщащэр щыбыим къыщІэкІауэ ирохьэлІэри, абы щхъуу йогуори, шыгъэгу хадэмкІэ ихьэну къыгурегъаІуэ. Пщым и хъэщІэщым зекІуэлІэкІэ щызэхуэса къудейт, и адэр абы щІэх къызэрыщІэмыкІынур ищІэрти, ар тегушхуэри хадэм пІейтейуэ ихьащ. У-Абдул хьэмэрэ у-Чэрим, жиІэу Данэху щыщІэупщІэм, зэры-Чэримыр жриІэри, и гурыщІэр фІыуэ ильагъу хъыджэбзым къыхуитІащІащ. Данэху и гурылъри ибзыщІащ, фІыуэ зэрилъагъум и щыхьэту, хэдыкІауэ и дамыгъэр зытет и данэ бэлътокур иритащ, икІи зэрышэну псалъэ зэІэпахащ, зекІуэ къызэрикІыжу, я кІуэдыр къикІыными, я мурадыр пщым хуаІуэтэну зэгурыІуэхэри. ЗынапІэзыпІэкІэ и кІуэшыр япэ къищу Данэху Іумыщ!эфа Абдул, мохэр щэхуу псэльами, я Іущащэ макъыр зэрыщыту зэхихащ, икІи ар и жагъуэ бзаджэ хъуэрэ и щхьэм ихьауэ, и гур апхуэдизкІэ ину кьеуэрти, мы дунейм нэхъыфІ дыдэу щилъагъу цІыхуитІым гу къыпльамытэу хадэм зэ икІыжарэт, жиІэу мыбзэжьу жыг къыугъаІым къэутащ.

Арати, зекІуэхэр ежьащ. Куэдрэ къэта, мащІэрэ къэта, сытми, зы зэман зэ, я Іуэху къикІауэ, шыбэ къахуу, зыхэта шынагъуэхэри ящхьэщыкІащэ къэкІуэжрэ пэт, тІэкІу загъэпсэхуну, шыхэри агъэхъуэкІуэну, псы Іуфэ гуэр дех къыщыыІахэщ. Зэкъуэшитіыр нэхъыщІэти, хабзэкІэ я къалэн ягъэзащІэу, къыздикІа лъэныкъуэмкІэ ягъэзэжри, чыцэ гуэрэным къэрэгъулу хэуващ. Абы хэту, Абдул, си лъакъуэм зезгъэуэкъуздиинщ, жиІэу кьепсыха къудейуэ, Чэрим, «пхъэр!» жери, къокІийри, псым зэпрыкІыу зызыгъэпсэхуну кьепсыхэ зекІуэлІэкъм шынагъуэ зэрыщыыІэр къаригъащІэу, и фочыр дрегъэуей. Абдул, куэдрэ мыгупсысэу, уащхъуэдэмыщхъуэу и фочыр трегъапсэри и къуэшыр кьрегъэпсых, бгъэдолъадэри и гуфІакІэм дэлъ данэ бэлътокур къыдехри езым и гуфІакІэм делъхьэ, абдеж и къуэшыр укІыгъэу къыщІенэ, езыр, и шым зредэри, чыцэм кхыхожьыж. КъакІэлъыпхъэрахэр шу зытхух хъууэ арати, Абдул, псы Іуфэм къэмысу, и шыр ирелъэнтІэкІыжри, жэрыкъэм здытетым, мо тафэм къытельдэдэхэм яхэуэу щІедзэ, зытІущ къреГъэпсых, къэнам сэшхуэ къихакІэ уахъэущІыхъуэр зэрихьэу яхолъадэри, Іэлъхьэм щтэгъуэ иримыкІ, я дунейр ятрегъэункІыфІэ. Шым къопсых, нылбафэкІэ щІым зытредэзри, къаплъэу псым адэкІэ щыт зекІуэлІэкъм зэхахыу, гъыахъуэу щІедзэ: «Уэ сыт мыгъуэр си махуэ, уэ сыт мыгъуэ си дуней! Си къуэш закъуэ Абдул яуклащІ! АдэкІэ дауэ сызэрыпсэунур?» - жери. ЗекъуэлІхэр, псым къызэпрыжри, ягъэуздэІуну хэтащ, аршхъэкІэ, «Уэ си Абдул мыгъуэ! Уэ си Абдул мыгъуэ!», - фІэкІа зыри къыжьэдэкІыжьырэкъым.

Жэщищ-махуищкІэ гъэзгу тетыжауэ, Чэрим тхьэмыщкІэр щІакІуэм кІуэцІылъу зекІуэлІхэм жэщыбгым къуажэм къыщыдашэжами, цІыхубз щхьэкІэ зи къуэш зыукІыжар иджыри гызырт.

Данэху зыхуимыгъаэзу зы илъэскІэ щыгъуащ Абдул, итІанэ, мо цІэрыІуэ хъуа зауэлІ хахуэм пщым и пхъур къызэрыритынур шэч къытримыхьэщхьэум, и къуэш Чэримрэ Данэхурэ зэрышэну зэрызэгурыІуам тету, Іуэхум еувалІэри, езыр зыщІэжъуэпсыр зригъэхъулІащ. Куэдрэ зэнэзэпсэу зэдзэпсэуауэ жаІэ Данэхурэ Абдулрэ, икІи цІыхубзым зэи иГу къэкІакъым зыдзпсэуР мы-Чэриму. Абдул дунейм тетыху, Чэрим и цІэр зэрызэрихьэм ещхьыкІэбзэу, абы и къуэшым Данэху хуищІауэ щыта тыгъэр - данэ бэлътокур - хуэсакъыу, езы Данэху къыдилъагъуу, зэрихьащ.

2

ЗЫ ЛІЫЖЬ къэпсалъэри, хъыбар хьэлэмэтщ къэпІуэтэжар, жиІащ, ауэ сэ Абдулрэ Чэримрэ зэтІолъхуэныкъуэхэм ятеухуауэ зэхэсха хъыбарыр нэхъыфІщ. ЩІэнэхъыфІри мыращ: япэрауэ, щІалэм цІыхубз щхьэкІэ и къуэшыр иукІыжьнукъым, ари и тІолъхуэныкъуэу; етІуанэрауэ, адыгэм апхуэдэ щэху, и гур зэгуэмыуду, хуэхьэнукъым е нэгъуэщІхэм абы гу лъамытэу къэзэнукъым. Иджы си хъыбар нэхъ пэжым фыкъедаІуэ.

НтІэ, арати, зекІуэлІхэм, я Іуэху къикІауэ, къагъэзэжу, псы Іуфэм загъэпсэхуну къыщыщІыуВыІэм, а зэрыжьІпІэжам хуэдэу, зэкъуэшитІыр къэрэгъулыну яхэкІащ. Лъагъуэ закъуэ зиІэ чыцэм пхыкІэрэи, бгыпэ гуэрым деж къыщыувыІахэщ. Арыххэуи, зыІэщІэкІауэ къафІэщІа пхъэрэхэр къахуэкІуэу щалъагъуэм, зауэлІ бзаджагъэу кІапсэлъэрышэр занщІэу ягу къэкІри, зэгурыыІуэуи ящІэнур ящІэжьрти, Абдул бгым адэкІэ къуэльэдащ, Чэрим къалъагъун хуэдэу бгым къыкъуэжри чыцэм хэлъэдащ, къакІэлъыпхъэрахэр къэсри абы и ужьым иуващ. Абдул, зимыІэжьэу, абыхэм я ужьым иувэжри, зырызурэ псори къригъэпсыхащ. Япэ ита Чэрим и щхьэм фочышэ къытехуэри уІэгъэ хъущ, шым кьехуэхри чыцэ банэм хэхуащ. Абдул къэсри и къуэшыр банэм къыхихьжащ, и щІакІуэр зэкІуэцІихри абы тригъэгъуэлъхьащ. УІэгъэр хьэлъэтэкъым, угужьеин хуэдэуи шынагъуэтэкъым, ауэ зыфІэхуа къудамэ гъурым и нэр кърихуат. Арати, Абдул уІэгъэхэр игъэкъабзэу ипхэху, Чэрим и щхэр, ар Абдул имыщІэ и гугъэу, хуиІуэтэжащ. ИкІи бдыдэ елъэІуащ, зэрата я псалъэм тету, Данэху къишэну. «Сэ ар, - жиІащ Чэрим, - уэ фІыуэ уэзрыслъагъум хуэдэу, фІыщэу слъагъуми, си нэ Іуплькъуэр имысыжу, къыздэкІуэ жысІэу, абы и пащхьэ сиувжьфыныкъым. Уэрэ дэрэ зыми дызэхиІыхукІыркъым, уэ у-Чэриму жыпІэмэ, Данэхуи укъищІэнукъым. Ар ди щэхуу, сэ уи цІэр зесхьэнщ», - жиІэри Чэрим и къуэшым Данэху кърита данэ бэлътокур хуишящ. Іэхум хэпъари аращ. Абдул къыщыльэтри: «Сэ уи насыпр къыптесхыфынукъым!.. Данэху фІыуэ зэрыплъагъур сщІэуэ абы сыдэпсэу нэхърэ, сылІэрэ сызэгъэжмэ нэхъыфІщ! Уэ къэпшэну псалъэ щыптакІэ, уи псалъэ тетыж!» - жиІэщ, и къамэ жаныр кърипхъуэтри зыхиІужащ. «Е ганэмахуэрэ! - къыхэкІиикІащ Чэрим. - Си щхьэ ирикІуар згъейуэрэ, и псэм нэхърэ нэхъыфІу сыкъэзэлъагъу си къуэшыр суклащ! Сыт сэ абы и ужькІэ дунейм сыщыытетыжынур?» - жери, Чэрим гуэрым и къамэр кърехри зеукІыж.

Хьэдэхэр къуажэм къыщашэжьм зыми яхуэзэхэгъэкІакъым хэт Абдулми, хэт Чэриммри, апхуэдэу щыхъум, зы мащэм тІури иралъхьэри, «Абдул-Чэрим» жиІэу тету, зы сыни хуагъэуэвыжащ.

3

НЭГЪУЭЩІ зы лІыжь къэпсалъэри, уэрэ хъыбар хъэрзынэ къэпІуэтэжащ, жиІащ, ауэ ари пэжу къэхъуауэ жыІэгъуейщ. Сыт щыгъуэ къыщежьар, лІэун, зекІуэлІ хахуэм и псэм зыдригъэхьэхрэ цІыхубз щхьэкІэ зиукІыжу? Шыпсэм нэхъ ещхьщ ар. Абдулрэ Чэримрэ зэтІолъхуэныкъуэхэм я хъыбар пэж фыхуеймэ, сэ вжесІэжынущи, фыкъэдаІуэ.

ЯІуэтэжу зэрызэхэсхамкІэ, пэж дыдэу, а фэ къызэрыфІуэтэжам хуэдэу, зыми яхуэзэхмыгъэкІыу псоуащ Абдулрэ Чэримрэ. Ауэ ахэр унагъуэ тхьэмыщкІи къыхэкІатэкъым, пщыр я атэлыкъуу, уэркъуу щытахэщ. Къанэм я кІуэжьгъуэр, я унэ ихьэжьгъуэр къэмысу, я адаанэр дунейм щехьэжьм, пщым езым и деж къигъэнэжащ, я ныбжь щрикъум, фихъыбархэм зэрыхэтым къэплъу псым адэкІэ щыт зекІуэлІхэм зэхахыу, гъыахъуэу щІедзэ: «Уэ сыт мыгъуэр си махуэ, уэ сыт мыгъуэ си дуней! Си къуэш закъуэ Абдул яуклащІ! АдэкІэ дауэ сызэрыпсэунур?» - жери. ЗекъуэлІхэр, псым къызэпрыжри, ягъэуздэІуну хэтащ, аршхъэкІэ, «Уэ си Абдул мыгъуэ! Уэ си Абдул мыгъуэ!», - фІэкІа зыри къыжьэдэкІыжьырэкъым.

Жэщищ-махуищкІэ гъэзгу тетыжауэ, Чэрим тхьэмыщкІэр щІакІуэм кІуэцІылъу зекІуэлІхэм жэщыбгым къуажэм къыщыдашэжами, цІыхубз щхьэкІэ зи къуэш зыукІыжар иджыри гызырт.

Данэху зыхуимыгъаэзу зы илъэскІэ щыгъуащ Абдул, итІанэ, мо цІэрыІуэ хъуа зауэлІ хахуэм пщым и пхъур къызэрыритынур шэч къытримыхьэщхьэум, и къуэш Чэримрэ Данэхурэ зэрышэну зэрызэгурыІуам тету, Іуэхум еувалІэри, езыр зыщІэжъуэпсыр зригъэхъулІащ. Куэдрэ зэнэзэпсэу зэдзэпсэуауэ жаІэ Данэхурэ Абдулрэ, икІи цІыхубзым зэи иГу къэкІакъым зыдзпсэуР мы-Чэриму. Абдул дунейм тетыху, Чэрим и цІэр зэрызэрихьэм ещхьыкІэбзэу, абы и къуэшым Данэху хуищІауэ щыта тыгъэр - данэ бэлътокур - хуэсакъыу, езы Данэху къыдилъагъуу, зэрихьащ.

2

ЗЫ ЛІЫЖЬ къэпсалъэри, хъыбар хьэлэмэтщ къэпІуэтэжар, жиІащ, ауэ сэ Абдулрэ Чэримрэ зэтІолъхуэныкъуэхэм ятеухуауэ зэхэсха хъыбарыр нэхъыфІщ. ЩІэнэхъыфІри мыращ: япэрауэ, щІалэм цІыхубз щхьэкІэ и къуэшыр иукІыжьнукъым, ари и тІолъхуэныкъуэу; етІуанэрауэ, адыгэм апхуэдэ щэху, и гур зэгуэмыуду, хуэхьэнукъым е нэгъуэщІхэм абы гу лъамытэу къэзэнукъым. Иджы си хъыбар нэхъ пэжым фыкъедаІуэ.

НтІэ, арати, зекІуэлІхэм, я Іуэху къикІауэ, къагъэзэжу, псы Іуфэм загъэпсэхуну къыщыщІыуВыІэм, а зэрыжьІпІэжам хуэдэу, зэкъуэшитІыр къэрэгъулыну яхэкІащ. Лъагъуэ закъуэ зиІэ чыцэм пхыкІэрэи, бгыпэ гуэрым деж къыщыувыІахэщ. Арыххэуи, зыІэщІэкІауэ къафІэщІа пхъэрэхэр къахуэкІуэу щалъагъуэм, зауэлІ бзаджагъэу кІапсэлъэрышэр занщІэу ягу къэкІри, зэгурыыІуэуи ящІэнур ящІэжьрти, Абдул бгым адэкІэ къуэльэдащ, Чэрим къалъагъун хуэдэу бгым къыкъуэжри чыцэм хэлъэдащ, къакІэлъыпхъэрахэр къэсри абы и ужьым иуващ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Мылъку

КIэ иIэну нэпсеягъэм?

Пенсэ ныбжьыр къаIэтыну зэрамурадым цIыхухэр куэдым иригъэгупсысащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар псом япэу зыжьэхэуэнур нэхъ хуэмыщIауэ псэуэрэщ.

ХЭТ джэдыгуфIыгъуэ, хэти джэдыгуншэу куэдрэ дыпсэуну? Хэт зи ягъэр апхуэдэ мызахуагъэр, дапщэщ абыкIэ щигъуэтынури? Гува-щIэхами, властхэм а упщIэм жэуап иратын хуей хъунущ. ЗэкIэ зыпыIуадзмэ, нэхъ кашъто. Щапхъэу къэпхь хъунущ металлургие, химие, щIыдагъэ-химие компание 14-м хэхъуэхэм я лейуэ яIэрыхьа сом мелард 500-р бюджетым гъэкIуэным хуэунэтIаеуэ УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Белоусов Андрей къыхилъхьа жэрдэмыр Правительствэм мылъкушхуэ зезыхьэхэми я гуапэ зэрымыхъуар. Абы щыгъуэми, тхакIуэ икIи публицист Слуцкий Анатолий «Аргументы и факты» газетым зэрыщыжиIэмкIэ, мыбы къемызэгъ гуэри хэлъкъым: компаниехэм а захъшэр гугъу ехьу къалэжьакъым - ар и Iэужьщ долларым и уасэр зэрыдзкIуеям. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар зы илъэсым тумэнкIэ нэхъ лъапIэ хъуащ. Абы щыгъэми, мылъкур къытрахыну зыри яужь иткъым. Мурадыр зыхуэгъэзар ахэр экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъ тэмэму икIи егупсысауэ трагуэшэнырщ. Арщхьэкlэ псалъэмакъышхуэ кьикIащ: еIмэ-еI, фэ ди ахъшэм и унафэ фщIыуэ! Къулейкэр хуейкъым щIыдагъэмрэ газымрэ я уасэм экономикэр зерлъытам кьыпыкIыу, къэралыр технологиещIэхэр къэгъэсэбэпыным ухэкIуэну: абыхэм арыншами хэхъуэщхуэ дыдэ яIэрохьэ.

Урысейм куэд щIауэ къыщIаIэтащ прогрессивнэ налог лIэужьыгъуэм хуэкIуэным, нэгъуэщIу жьпIэмэ, щхьэж ит налогыр къыIэрыхьэ хэхъуэр зыхуэдизым елъытауэ щытыныр. Псалъэм и хьэтыркIэ, заводыр зейм къипжьым и процент 13-р мыхъуу, я нэхъ мащIэрамэ, процент 30-35-р хитыкIыу щытамэ, улахуэ нэхъ мащIэ дыдэ зратхэм налогхэр щхьэщхьхъунут.

Ауэ властхэр хуеиххэкъым дунейм и нэхъ къарал зызыужьа псоми щыIэкIуэ а хабзэм (иджыблагъэ Китаймм жиIащ абы зэрыхуэкIуэнур) техьэну.

Китайр дигу къыщыкIакIэ, къэдгъэпэгъуэнщ Цзиньпинь Си КНР-м и унафащI хууа иужь а къэралыр зытеува нэгъуэщI хабзэри: хьэрэмыгъэкIэ мылъку ззэыльфэлIахэм ар къыззэрытрахыр. Мыбдеж мыхьэнэ гуэри щиIэкъым, къадыгуаур куэдми мащIэми - псори ягъэтIыс. Ди деж-щэ? ЯзыныкIуэхэм я гугъу ящIыххэркъым, адрейхэр ягъэтIысми, лъэхъуэщым кьикIыжа иужь хуиту хотIысхьэж нэхъапэм къаугъуея мылъкум. Ар къытрах хъунукъым. Ешы тутнакъэщри библиотекэм щIэсым хуэдизу ягъакIуэ. Арщхьэкlэ джэд къэзыдыгъуэ щIалэр жэуап ткIийм ирашэлIэнущ - хабзэхъмэхэм къагъэлъэгъуэн хуейкъэ зэрылажьэр?!

ДыгъуакIуэшхуэхэм къытрахыну мылъкур Пенсэ фондым хуаутIыпщын хуейуэ къыхалъхьэ. Ауэ ар зэхахыркъым.

НэгъуэщIми узэгуегъэп: Урысейм щыщIауфэрккым кьадыгъуа мылъкушхуэр: сом мелуан 20-м нэс и уасэ автомобилхэмкIэ кьажьых, сом минитху зи лъапIагъ «Шампанскэхэр» ираф, унэIутхэмрэ щхьэхъмэхэмкIэ къэхъуерейхащ. Абы щыгъэми, езыхэр нэпсейщи, сымаджэ хъуам еIэзэным текIуэдэну ахъшэ гуэр ятын ягу пыкIыркъым - ахэр зэхуэзыхьэсыр цIыху къыззэрыгэкIэрщ.

А псори къыщыхъур цIыху мелуан 20-р щыкъуейсиз (статистикэм къитхэм ятепщIыхьмэ), куэд дыдэм я сомитIыр ерагъкIэ щызэпагъэувэф къэралырщ - Урысейрщ.

Арщхьэкlэ 2018 гъэм еIуэкIа президент хэхьныгъэхэм я ужькIэ белджылы хъуащ Урысейр иджыри къэс къыззэрекIуэкIам хуэдэу дяпэкIэ зэрымыпсэуэжьфынур. Псом япэу ар къагурыIуэн хуейт илъэс къэс зи бжыгъэм зэхъуэ къэлеиныкъэм къащхьэщыж, ахэр зыхъэмэ къэрал къулыкъущIэхэм.

● Хэзыгъэгъуазэ

Зэрырагъэблагъэ хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщыхъэщыжьныгъэмкIэ и министерствэм цIыхухэм пенсэхэр яхуэгъэувыным, и етыным хуэгъэза Iуэхухэм теухуауэ къыдигъэкIа унафэхэм 2018 гъэм мазаем и 13-м зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. УФ-м и Пенсэ фондым и Iуэхущапlэхэм кIуэн папщIэ цIыхухэм зэрызрагъэтх хабзэхэр ягъэтэмэмащ.

ЯГЪЭБЕЛДЖЫЛАЩ япэщыкIэ зезыгъэтха цIыхур ягъэува графикым тету лэжьэгъуэ махуэм хиубыдэу зэрырагъэблагъэр. Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ ныкъуэдыкIуэ хэхъухьахэмрэ къэрал Iэхутхъэбзэхэр кьхуащIэн папщIэ лъэIУ тхыльхэмрэ абыхэм я ГъусэхэмрэIах пасэу зрамыгъэтхыу икIи чэзум хэмыту.

Езым и щхьэкIэ зезыгъэтхыну кIуа цIыхум ар щыкIуа зэманыр кьыщыгъэлъэгъуа талыкъыр ират. ТелефонкIэ зезыгъэтх цIыхум жраIэ тхыльхэр щыIахьну зэманыр. И электрон хэщIапIэм хигъэгъуазэмэ, абы талоныр ягъакIуэ мэхъу. ПФР-м и сайтым зыщыщыграгъэтхкIи, апхуэдэ хабзэ щыIэщ.

ЩкIуэIэну махуэр кьыщыгъэлъэгъуауэ цIыхухэр япэщыкIэ ятхыныр ягъэувыIэ, ар къэсыным зы жэщмахуэ иIэу. Абы хьэбар ирагъащIэ щкIуэIэн хуейуэ ягъэува зэманым дакъикъэ 15-кIэ къыкIэрыхуамэ, зэрызригъэтхам кьару зэримыIэжьыр. ЦIыхур хуитщ зэрызригъэтхам сыт хуэдэ зэманми кьупыкIыну.

ЗыщрагъэтхкIэ, пэжу щымыт хъыбархэр яжриIауэ сэтей къэхъумэ, зэрызрагъэтхам кьару иIэжкъым.

КъищынэмыщIауэ, ягъэбелджылащ суд зытращIыхьу ягъэтIысха цIыхухэм пенсэ хуагъэувыным теухуа тхыльхэр щыIахкIэ, тезыр щрахьэкI Iуэхущапlэм и унафэщIхэм махуищым кьриубыдэу а Iуэхум ехьэлIа хъыбархэр ПФР-м и кьудамэхэм Iэрагъэхьэн хуейуэ.

Чапаев Василий: Пэжымрэ пцIымрэ

Ар зэрыщытар

Дыщысабиями, дыкъыдэкIуэтея иужькIи дэ сыт щыгъуи тфIэфIт «Чапаев» фильм цIэрыIуэм деплъыну. Апхуэдизу дызыIэпишати, къытедгъэзэжурэ дыкIуэрт.

ГРАЖДАН зауэм и лIыхъужьхэм яхэткъым абы нэхъ щIэрыIуэ. Гушыlэу хуэзхалъхьам и куэдагъэмкIи псоми йофIэкI. Ауэ езым и гъащIэм зы дыхьэшхэни хэлъакъым. Зэрыпсэуэри илъэс 32-рэ кьудейми, хэмыгъуэщэжын лъэужь тхыдэм къыхинащ.

1887 гъэм щышылэм и 28-м Къэзан губернэм щыщ Чебоксары уэздым хыхьэ Будайкэ къуажэм къыщалъхуа щIалэ цIыкIур мыгувэу лIэжьын я гугъащ: ныбэм зэрилъар мазиблт, хуабжьуи лъэрымыхьт. Арщхьэкlэ, зэрамыгугъуэу, сабийр къызэфIэуващ. Дауи, Чапаев Вася зауэ Iуэху гуэри хьыхьну игу къэкIыхьхэртэкъым: Будайкэ факъырэт, абы и цIыхухэм махуэ къэс кьалъхьхуэн хуей хъурт зыхэпсэукIын.

Къулейсызыгъэм Чапаевхэ я унагъуэр ирихужьащ, и Iуэху нэхъ къыщикIын щIэпIэ къыльхьуэру. Зыкъом зыхъэхикIуха иужькIэ, Самарэ губернэм щыIэ Балаковэ къуажэм къыщыхутащ.

1908 гъэм Чапаев Василий дзэм ираджащ, ауэ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу кьаГъэкIуэжащ, сымаджэ хъуати. ИпэкIэ Василий унагъуэ хуэакIэт: абы щхьэгъуэрэ хуэхъуат щIыпIэ попым ихъу Метелинэ Пелагее. ПхъащIэу лэжьащ. 1912 гъэм унагъуэр Мелекесс Iэпхъуащ. 1914 гъэм къэсыху Василийрэ Пелагеерэ бынищ зэдагъуэтащ.

Чапаевыжьмрэ и унагъуэмрэ я гъащIэр къызэригъэдзэкIащ Iпэ дунейпсо зауэм. Василий фронтым кьыIухутащ 1915 гъэм и щIышылэм. Галицием щызэуащ. ЩIалэм хахуэу зыкъинГъэлъэгъуащ: фельдфебелу, Георгий жоришрэ зы медалрэ хэлъу кьригъэзэжащ.

Чапаевыр 1917 гъэм и бжьыхьэм большевикхэм ягухьащ икIи, уеблэмэ, езыри пэмыплъэххауэ, кьызэгъэпэщакIуэ Iэзэу кьыщIэкIащ: Саратов губернэм и Николаевскэ уездым абы отряд плъыжь14 щызэщIигъэуIуащ. Ахэр я пIабжьэу 1918 гъэм и накъыгъэм Пугачев бригадэ кьызэрагъэпэщащ Чапаевым и унафэм щIэту. Мыгувэу абы и зауэлIхэм чехословакхэм кьыIэщIагъэкIыжащ Николаевск кьалэр.

Дзэзешэ ныбжьыщIэм и щIыхьым псынщIэу зиIэтыр. 1918 гъэм и фокIадэм Чапаевыр яГъэуващ бийр гуэвэгъуэ хэзыгъэхуа 2-нэ Николаевскэ дивизием. Ауэ, итIани, «ищхьэкIэ щыIэхэм» а зэманми жьIэмыдаIуэхэр яфIэфIтэкъыми, нэхъ къезэгъыу къалъытащ Штаб нэхъыщхьэм и академием еджакIуэ ягъакIуэмэ.

1970 гъэм Чапаевым теухуа анекдотхэм щедаIуэм Граждан зауэм и нэгъуэщI лIыхъужь Буденный Семён и щхьэр игъэкIэрэхъуауэ щытащ: «ЖесIат сэ Васькэ: еджэ, делэ, арыншамэ, кьыпщыдыхьэшхынущ! КъызэдэIуакъым!?»

Пэжу, Чапаевым академием зыщIэжьакъым: аргуэру фронтым кIуащ. 1919 гъэм ар и унафэщI хъуащ Колчак и дзэхэм узыр езыта 25-нэ фочауэ дивизием. Абы и зауэлIхэм 1919 гъэм мэкъуаугъэгъуэм и 9-м Уфа, бадзэуэгъуэм и 11-м Уральск хуит хъащIыжащ.

ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ генерал хужьхъэм яфIэтелъыджэт зыщIыпIи щемыджа Чапаевым зэуэным кьыщигъэлъагъуэ акъылыфIагъыр. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэсу зыкъызэкъуихыпэну ар хунэсакъым.

1919 гъэм фокIадэм и 5-м къэхъуар Чапаевым Iэщ1экIа щыуагъэ зэкъуэу кьалъытэ. Чапаевым и зауэлIхэр псынщIэу ебгъэрыкIуэрт. Дивизием щыщ Iыхьэшхуэр къэувыIаш зигъэпсэхуну, штабым хэщIапIэ ищIащ Лбищенское къуажэр. ФокIадэм и 5-м генерал Бородин и дзэр сэлэт минитI хъууэ зэуэ теуащ дивизием и штабым. Чапаевым и къару нэхъыщхьэхэр а жылагъуэм километр 40-кIэ пэжьжьэти, къадэIэпыкъуфынутэкъым. Бийм пэувыфынур зауэлI 600-м хуэдизт. Зэхэуэр сыхьэти 6-кIэ екIуэкIащ. Езы Чапаевым ещанкIуэрт гуп хэха. Ауэ ар хуагъэува кьалэным пэлъэщакъым. Василий унэм къыщIэкIри, сэлэти 100 хуэдиз щыгъуэу къеззуащ.

Чапаевыр зэрыкIуэдам теухуауэ пэжыр куэдрэ къаХъэгъэтхакъым. Ар сэтей къыщыхъуар ипхъу Клавз Венгриемрэ къикI письмо 1962 гъэм къыIэрыхьа иужьщ. Абы дивизием хэта мэжэритым кьыщаIуэтэжырт Чапаевым и псэр хэкIыхукIэ зэрагъусар.

ЩызэзауэмЧапаевым и щхьэмрэ ныбэмрэ яIащ. Апхуэдэу щыхъуи, плIым пхъэзэфIэдзэ ящIри, абыкIэ командирыр Урал псым и адрей Iуфэм нагъэсащ. Арщхьэкlэ мыгувэу Чапаевыр уIэгъэхэм илыкIащ. Бийхэр Василий и хьэдэм ириджэгъэнкIэ шына зауэлIхэм ар псы Iуфэм щыщIалъхьэри, жыг къудамэхэмкIэ щIахъумэжащ.

Клавдие хьэдэм и кхъащхьэм куэдрэ лъхьуауэ, ауэ ар кьыпхуэгъэтыжынутэкъым: Урал и жапIэр ихъуэжат. Арати, Фурмановым и «Чапаев» тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, уIэгъэ хъуар Урал псым итхъэлъауэ яГъэуващ.

ЗэщIэхъеевныгъэ хужьым и тепIъхэхэм жаIэ Лбищевэ щкIуэкIа зэхэуэм мыхьэнэшхуэ иIа хуэдэу, ауэ ар пэжкъым: Чапаевым и дивизием абы иужькIи текIуэныгъэ зыбжанэ кьихьащ.

Куэдым ящIэркъым плъыжьхэм езыхэм я командирым илъ а махуэ дыдэм зэращIэжар. ФокIадэм и 5-м зауэлI Волковым Лбищевэ щиукIащ зызыгъэлIу гу гъэщIэрэщIам ису блэкI генерал Бородин.

Языныкъуэхэмкъалъытэ Чапаевым егъэлеяуэ щытхъупс трагъэлъэдауэ. Пэжу, абы и цIыхьыр хуабжьу зыIэтар 25-нэ дивизием и комиссару щыта Фурманов Дмитрий и «Чапаев» тхылъырщ.

Чапаевымрэ Фурмановымрэ зэфIу щытауэ пхужьIэнукъым, абыи щхьэусыгъуэ иIэт: иужьрейм и щхьэгъусэ Анэнэрэ дивизием и унафэщIымрэ яку Iыгъуныгъэ кьыдэхъуат. Арщхьэкlэ Фурмановым ар зэран хуэхъуакъым зи гугъу тщIы тхьилъ гъуэзэджэр итхыным. Васильев зэкъуэушхэм траха фильмыр зытращIыкIари араща.

И щхьэгъусэм бгъэдэкIыжа иужь, Чапаевым и бынищри зришэлIэжауэ щытащ. Абыхэм я адэм и фэеплъыр яГъэпудакъым. И къуэ нэхъыжь Александр зауэлI Iэщ1агъэр къыхихащ. Хэку зауэшхуэм щыщIидзам капитант. Зэхэуэ куэдым лIыгъэ хэлъу хэтащ. Дзэ къулыкъур иухащ генерал-майору. И къуэ нэхъыщIэ Аркадий кхъухьлъатэзехуэ-гъэунэхуакIуэ хъуащ, езы Чкалов Валерий дыдэм дэлэжьащ. 1939 гъэм кхъухьлъатэщIэ щагъэунэхум къыщIэдзащ. Арщхьэкlэ Фурмановым ар зэран хуэхъуакъым зи гугъу тщIы тхьилъ гъуэзэджэр итхыным. Васильев зэкъуэушхэм траха фильмыр зытращIыкIари араща.

И щхьэгъусэм бгъэдэкIыжа иужь, Чапаевым и бынищри зришэлIэжауэ щытащ. Абыхэм я адэм и фэеплъыр яГъэпудакъым. И къуэ нэхъыжь Александр зауэлI Iэщ1агъэр къыхихащ. Хэку зауэшхуэм щыщIидзам капитант. Зэхэуэ куэдым лIыгъэ хэлъу хэтащ. Дзэ къулыкъур иухащ генерал-майору. И къуэ нэхъыщIэ Аркадий кхъухьлъатэзехуэ-гъэунэхуакIуэ хъуащ, езы Чкалов Валерий дыдэм дэлэжьащ. 1939 гъэм кхъухьлъатэщIэ щагъэунэхум къыщIэдзащ. Арщхьэкlэ Фурмановым ар зэран хуэхъуакъым зи гугъу тщIы тхьилъ гъуэзэджэр итхыным.

25-нэ дивизиер Хэку зауэшхуэм хэтащ. Аращ Севастополь щахъумэм бийм и удыныр нэхъ хьэлъэу къызытехуар. Дивизиер хэкIуэдащ, псэууэ къэнахэм абы и бэракъыр тенджызым щIригъэлъэфащ, ар фашистхэм Iэрамыгъэхьэн папщIэ. И унафэщIми хуэдэу, абы и ухыгъри псым пыщIауэ къыщIэкIынт...

ЩымыIэ къэгупсысын хуейкъым

● Абы дегъэпIейтей

Бахъсэн къалэ администрацэм и спорткомитетым и лэжьыгъэр зыхуэдэр къыщапщыта зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Абыкlэ хъыбар къыдигъэщIащ администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Балъкъыз Iэминэ.

ЩЫПIЭ администрацэм и конференцпэшым щекIуэкIа зэхуэсым щIэсащ Бахъсэн къалэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, абы и япэ къуэдзэ Кьардэн ФатIимэ, спорткомитетым и унафэщI Къаскъуэ Аслъэн, щыпIэ спорт школхэм я директорхэр, къудамэм и Iэщ1агъэлI нэхъыщхьэ Гугу Азэмэт.

Къаскъуэным и докладым къыщыщIэщIкъуэжащ иужьрей илъэси 3-м кьриубыдэу комитетым зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэр. «Иджыпсту къалэм щолажьэ зи ныбжьыр илъэси 6-м кьыщыщIэдзауэ 23-м нэблагъэ ныбжьыщIэ 896-рэ зэкIуалIэ спорт школи 3. Спорт лIэужьыгъуэ 17-м щыхуагъасэ топ джэгуплъэ 19-м, спорт пэш 26-м, 1 бассейным. ЩIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэри спорт школхэри къызэгъэпэщащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыхуагъэсэнхэмкIэ. Iуэхущапlэ псоми яIэщ зи узынщагъэм щыщIэныгъэ иIэхэм папщIэ пандусхэр. Илъэс къэскIэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ ирагъэкIуэкI шахматхэмкIэ, псы есынымкIэ, армрестлингымкIэ зэхьэзэхуэхэр», - жиIащ спорт комитетым и унафэщIым.

Отчётым едзIуа нэужь щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу Мамхэгъым жиIащ балигъэр спортым кьыхащIэкIэрэ щIыхьэ спортым зрагъэжьын папщIэ лэжьыгъэхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэр. КъищынэмыщIауэ, Iэтащхьэм къыхилъхьащ курыт еджапIэхэм Iэмал курыт имыIэу зы сыхьэт шахмат джэгуным хухахыну, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ абы акъылым зрегъэужь.

«ЩымыIэ къэгупсысын хуейкъым! Бахъсэн къалэм спортым зыужьыныгъэ щигъуэтащ. Спортсменхэм зэфIэкI лъагэхэр кьаГъэлъагъуэ, ауэ ар мащIэщ. Тренер Iэззэхэр къьешэлIауэ, спорт лIэужьыгъуэщIэхэр къыхэгъэхьэпхъэщ. Сэ дэIэпыкъуэгъу сыхъунущ си псалъэкIэ зэфIэкIыну дэтхэнэ зы унэтIныгъэмкIи. Спорткомитетым и лэжьыгъэр щIэфкъуэзI», - къыхигъэщащ Мамхэгъ Хьэчим.

ЗэIущIэм къыщIаIэтащ «Лъэпкъ кросс-2018»-м теухуа псалъэмакъри. Бахъсэн къалэм ар къыщыззэгъэпэщыныр щIегъэкIуэкIынымрэ пщэрыль хуащIащ Кьардэн ФатIимэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Футбол

Зыпэмыплъа къэхъуакъым

КъБР-м футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм зыпэмыплъа къыщыхъуакъым - бжьыпэр зыIыгъхэм я очко бжьыгъэм хагъэхъуащ, къыкIэрыхуухэм ипэкIэ зы лъэбакъуи ячакъым.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ пашэныгъэр зыми хуэзымыуатIипщ «Автозапчасть»-р аргуэру теКIуащ. Иджы абы бжьыгъэшхуэ дыдэкIэ бахъсэн щыхигъэщIащ къыкIэрыхуухэм лъэ быдэкIэ яхэуна Нарткъалэ и «Нартыр».

Пашэм кIэлъеIэ «Ислъэмейми» и очко бжьгъэм хигъэхъуащ. Ар ефIэкIащ Арщыдан икIа «Бедик»-м.

Ещанэ увыпIэм щыт «Налшыкыр» и губгъуэм къыщыхъуащ «Тэрч»м». А тIур зэз медалхэм иризэныкъэкъуну фэ тетщ.

Аргуэрыкъыт, фIахьащ «Шэрджэсым». Шэрджэмдэсхэр иужь дыдэ увыпIэм къыщынэпауэ къыщIэкIынущ.

КъыкIэрыхуухэм къахэкIыну къаруи зэфIэкIи яБгъэдэлъу зэкIэ къаГъэлъагъуэркъым гуп нэхъыщхьэр ираГъэбгынэнкIэ шынагъуэшхуэ зыщхьэщыт «Нартымрэ» «Бедик»-мри. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, етIанэгъэ къарагъэлъэхъшхыну командэ нэхъыкIиищым ахэр яхэхуэнущ, Абыхэм щапхъэ трахыпхъэщ иужьрей зэIущIэхэм зыкъэзэгуфыжьыжа Шэджэм и «Къундетейм».

Иджы щыгъуазэ фыщIэдзынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Малка»** (Малкэ) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **5:2**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **2:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **7:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:1**, **«Нартан»** (Нартан) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - 1:2, **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:4**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Керт»** (Къэхъун) - **1:3**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«ХьэтIохъущыкIуей»** (ХьэтIохъущыкIуей) - **1:4**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	21	18	1	2	84-23	55
2. «Ислъэмей»	20	15	2	3	57-24	47
3. «Налшык»	21	13	3	5	63-30	42
4. «Тэрч»	20	13	2	5	45-29	41
5. «ХьэтIохъущыкIуей»	21	11	4	6	50-42	37
6. «ЛогоВАЗ»	21	11	1	9	50-60	34
7. «Малка»	20	9	4	7	58-47	31
8. «Нартан»	21	9	2	10	39-47	29
9. «Керт»	21	8	3	10	41-46	27
10. «Родник»	21	8	3	10	43-51	27
11. «Псыкуэд»	20	8	1	11	61-73	25
12. «Союз»	21	7	4	10	50-63	25
13. «Къундетей»	21	7	2	12	44-58	23
14. «Нарт»	21	4	4	13	34-59	16
15. «Бедик»	21	4	1	16	40-68	13
16. «Шэрджэс»	21	2	1	18	20-59	7

● КъаГъыхъуэ

Хъыбар гуэр фщIэмэ!



Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм къелъыхъуэ Налшык щыпсэу Коломиец Павел Пётр и къуэр, 1938 гъэм къалъхуар. Ар 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м щIэкIащ, Май районым и «Сарский» ДО-м щыIэ унэм икIи хъыбарыншэу кIуэдащ.

И теплъэр: см 175-рэ и лъагагъ, и Iэпкъ-лъэпкъкIэ къуэгъущ, и щхьэщыр тхъуащ.

Щыгъар: джанэ Iэщхьэ кIэщI сырыхущIыху зэпрыдзэ, шорт кIэщI щIыхь, кроссовкэ хужь.

Коломиец Павел Пётр и къуэм и хэщIапIэм теухуа хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (86631) 7-58-02, 7-67-02, 02 е фпэгъунэгъу полицэм и кьудамэм.

Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм къелъыхъуэ Прохладнэ къалэм щыпсэу Демченкэ Евгений Николай и къуэр, 1961 гъэм къалъхуар. Ар 2005 кIуащ Краснодар крайм щыIэ Горячий Ключ къалэм икIи и Iыхьлыхэм абы ГъандэрэдзэщIыр ящIэркъым.

Демченкэ Евгений Николай и къуэм и хэщIапIэм теухуа хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (86631) 7-58-02, 7-67-02, 02 е фпэгъунэгъу полицэм и кьудамэм.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

Чапаев Василий: Пэжымрэ пцIымрэ

Дыщысабиями, дыкъыдэкIуэтея иужькIи дэ сыт щыгъуи тфIэфIт «Чапаев» фильм цIэрыIуэм деплъыну. Апхуэдизу дызыIэпишати, къытедгъэзэжурэ дыкIуэрт.

ГРАЖДАН зауэм и лIыхъужьхэм яхэткъым абы нэхъ щIэрыIуэ. Гушыlэу хуэзхалъхьам и куэдагъэмкIи псоми йофIэкI. Ауэ езым и гъащIэм зы дыхьэшхэни хэлъакъым. Зэрыпсэуэри илъэс 32-рэ кьудейми, хэмыгъуэщэжын лъэужь тхыдэм къыхинащ.

1887 гъэм щышылэм и 28-м Къэзан губернэм щыщ Чебоксары уэздым хыхьэ Будайкэ къуажэм къыщалъхуа щIалэ цIыкIур мыгувэу лIэжьын я гугъащ: ныбэм зэрилъар мазиблт, хуабжьуи лъэрымыхьт. Арщхьэкlэ, зэрамыгугъуэу, сабийр къызэфIэуващ. Дауи, Чапаев Вася зауэ Iуэху гуэри хьыхьну игу къэкIыхьхэртэкъым: Будайкэ факъырэт, абы и цIыхухэм махуэ къэс кьалъхьхуэн хуей хъурт зыхэпсэукIын.

Къулейсызыгъэм Чапаевхэ я унагъуэр ирихужьащ, и Iуэху нэхъ къыщикIын щIэпIэ къыльхьуэру. Зыкъом зыхъэхикIуха иужькIэ, Самарэ губернэм щыIэ Балаковэ къуажэм къыщыхутащ.

1908 гъэм Чапаев Василий дзэм ираджащ, ауэ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу кьаГъэкIуэжащ, сымаджэ хъуати. ИпэкIэ Василий унагъуэ хуэакIэт: абы щхьэгъуэрэ хуэхъуат щIыпIэ попым ихъу Метелинэ Пелагее. ПхъащIэу лэжьащ. 1912 гъэм унагъуэр Мелекесс Iэпхъуащ. 1914 гъэм къэсыху Василийрэ Пелагеерэ бынищ зэдагъуэтащ.

Чапаевыжьмрэ и унагъуэмрэ я гъащIэр къызэригъэдзэкIащ Iпэ дунейпсо зауэм. Василий фронтым кьыIухутащ 1915 гъэм и щIышылэм. Галицием щызэуащ. ЩIалэм хахуэу зыкъинГъэлъэгъуащ: фельдфебелу, Георгий жоришрэ зы медалрэ хэлъу кьригъэзэжащ.

Чапаевыр 1917 гъэм и бжьыхьэм большевикхэм ягухьащ икIи, уеблэмэ, езыри пэмыплъэххауэ, кьызэгъэпэщакIуэ Iэзэу кьыщIэкIащ: Саратов губернэм и Николаевскэ уездым абы отряд плъыжь14 щызэщIигъэуIуащ. Ахэр я пIабжьэу 1918 гъэм и накъыгъэм Пугачев бригадэ кьызэрагъэпэщащ Чапаевым и унафэм щIэту. Мыгувэу абы и зауэлIхэм чехословакхэм кьыIэщIагъэкIыжащ Николаевск кьалэр.

Дзэзешэ ныбжьыщIэм и щIыхьым псынщIэу зиIэтыр. 1918 гъэм и фокIадэм Чапаевыр яГъэуващ бийр гуэвэгъуэ хэзыгъэхуа 2-нэ Николаевскэ дивизием. Ауэ, итIани, «ищхьэкIэ щыIэхэм» а зэманми жьIэмыдаIуэхэр яфIэфIтэкъыми, нэхъ къезэгъыу къалъытащ Штаб нэхъыщхьэм и академием еджакIуэ ягъакIуэмэ.

1970 гъэм Чапаевым теухуа анекдотхэм щедаIуэм Граждан зауэм и нэгъуэщI лIыхъужь Буденный Семён и щхьэр игъэкIэрэхъуауэ щытащ: «ЖесIат сэ Васькэ: еджэ, делэ, арыншамэ, кьыпщыдыхьэшхынущ! КъызэдэIуакъым!?»

Пэжу, Чапаевым академием зыщIэжьакъым: аргуэру фронтым кIуащ. 1919 гъэм ар и унафэщI хъуащ Колчак и дзэхэм узыр езыта 25-нэ фочауэ дивизием. Абы и зауэлIхэм 1919 гъэм мэкъуаугъэгъуэм и 9-м Уфа, бадзэуэгъуэм и 11-м Уральск хуит хъащIыжащ.

ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ генерал хужьхъэм яфIэтелъыджэт зыщIыпIи щемыджа Чапаевым зэуэным кьыщигъэлъагъуэ акъылыфIагъыр. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэсу зыкъызэкъуихыпэну ар хунэсакъым.

1919 гъэм фокIадэм и 5-м къэхъуар Чапаевым Iэщ1экIа щыуагъэ зэкъуэу кьалъытэ. Чапаевым и зауэлIхэр псынщIэу ебгъэрыкIуэрт. Дивизием щыщ Iыхьэшхуэр къэувыIаш зигъэпсэхуну, штабым хэщIапIэ ищIащ Лбищенское къуажэр. ФокIадэм и 5-м генерал Бородин и дзэр сэлэт минитI хъууэ зэуэ теуащ дивизием и штабым. Чапаевым и къару нэхъыщхьэхэр а жылагъуэм километр 40-кIэ пэжьжьэти, къадэIэпыкъуфынутэкъым. Бийм пэувыфынур зауэлI 600-м хуэдизт. Зэхэуэр сыхьэти 6-кIэ екIуэкIащ. Езы Чапаевым ещанкIуэрт гуп хэха. Ауэ ар хуагъэува кьалэным пэлъэщакъым. Василий унэм къыщIэкIри, сэлэти 100 хуэдиз щыгъуэу къеззуащ.

Чапаевыр зэрыкIуэдам теухуауэ пэжыр куэдрэ къаХъэгъэтхакъым. Ар сэтей къыщыхъуар ипхъу Клавз Венгриемрэ къикI письмо 1962 гъэм къыIэрыхьа иужьщ. Абы дивизием хэта мэжэритым кьыщаIуэтэжырт Чапаевым и псэр хэкIыхукIэ зэрагъусар.

ЩызэзауэмЧапаевым и щхьэмрэ ныбэмрэ яIащ. Апхуэдэу щыхъуи, плIым пхъэзэфIэдзэ ящIри, абыкIэ командирыр Урал псым и адрей Iуфэм нагъэсащ. Арщхьэкlэ мыгувэу Чапаевыр уIэгъэхэм илыкIащ. Бийхэр Василий и хьэдэм ириджэгъэнкIэ шына зауэлIхэм ар псы Iуфэм щыщIалъхьэри, жыг къудамэхэмкIэ щIахъумэжащ.

Клавдие хьэдэм и кхъащхьэм куэдрэ лъхьуауэ, ауэ ар кьыпхуэгъэтыжынутэкъым: Урал и жапIэр ихъуэжат. Арати, Фурмановым и «Чапаев» тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, уIэгъэ хъуар Урал псым итхъэлъауэ яГъэуващ.